



# PFML Bwat Zouti Anplwayè

Konje Peye pou fanmi ak Konje maladi, oswa PFML, se yon pwogram avantaj Commonwealth ofri pou anplwaye Massachusetts yo. Gid sa a pral ede òganizasyon yo respekte lalwa epi prepare anplwaye yo pou yo pran konje.



Paid Family &  
Medical Leave  
**MASSACHUSETTS**

# *Anndan*

## *Konprann PFML* *Seksyon 1*

---

- 02* Kisa ki PFML?
- 03* Kijan pou m konte kantite anplwaye?
- 05* Antsanke Anplwayè, konbyen pou m peye?
- 08* Kisa pou m di anplwaye mwen sou PFML?
- 09* Kijan pou m peye kontribisyon pa m?

## *Pare pou anplwaye w yo pran konje* *Seksyon 2*

---

- 10* Kijan pou pale de PFML ak anplwaye mwen yo?
- 11* Kijan pou m enskri yon administrate konje?
- 12* Ki tip dokiman mwen gen responsabilite soumèt?
- 13* Ki wòl mwen nan pwosesis ak etap aplikasyon an?
- 14* Kijan pou m revise aplikasyon anplwaye yo?
- 15* Kisa k pase apre m fin revise aplikasyon yo?
- 16* Kisa mwen ka atann pou m jwenn nan sitwèb la?



# Konprann PFML

## *Seksyon I*

## Kisa ki PFML?

Konje Peye pou Fanmi ak Konje Maladi (PFML) se yon pwogram leta ki ofri jiska 26 semèn konje peye pou rezon fanmioswa maladi pou anplwaye ki kalifye nan Massachusetts. PFML finanse grasa kontribisyon anplwaye yo ak anplwayè yo epi li separe de benefis federal obligatwa yo ofri Lwa sou Konje pou Fanmi ak Konje Maladi (FMLA) ak lòt avantaj Jonje pou Fanmi ak Konje Maladi anplwayè yo ofri.



**PFML vs. FMLA**

[Watch the video](#)

## Kijan PFML differan de FMLA?

Konje Peye pou Fanmi ak Konje Maladi, oswa PFML, se yon pwogram avantaj Commonwealth ofri pou anplwaye Massachusetts yo. Gid sa a pral ede òganizasyon yo respekte lalwa epi prepare anplwaye yo pou yo pran konje.

PFML se yon lwa Massachusetts ki aplike pou pifò anplwayè nan eta Massachusetts, kèlkeswa gwosè a, epi ki bay anplwaye ki elijib konje peye ak pwoteksyon pou rezon menm jan an. Lòt diferans yo se yon definisyon pi laj nan fanmi ak peryòd datant pou kalifikasyon. [Aprann plis sou poukisa yo ka itilize PFML](#). Konje federal ak konje Eta a ka itilize an menm tan. [Aprann plis sou diferans ki genyen ant de lwa yo](#).



Rezime:

*Si w anplwaye nenpòt moun nan Massachusetts, PFML afekte ou, biznis ou, ak anplwaye ou yo. Apre sa ou pral aprann plis sou sa ou bezwen fè pou PFML.*

# PFML *Detay* Program Lan



Kesyon:  
*Kijan mwen  
konte mendèv  
mwen?*

Antanke yon anplwayè Massachusetts, kontribisyon ou obligatwa yo dapre lwa PFML yo baze sou gwochè ak fòm mendèv ou. Se poutèt sa li enpòtan anpil pou w rapòte enfòmasyon sa yo avèk presizyon.

Responsablite kontribisyon w yo depann de kantite mwayèn moun ki gen pwoteksyon nan ane kalandriye anvan an (1 janvye - 31 desam).

Detèmine kantite mendèv Massachusetts ou ap ede reponn de kesyon enpòtan:

1. Kit ou pa konsidere kontraktè 1099-MISC ou yo kòm moun ki gen pwoteksyon
2. Kit ou pa responsab pou peye nenpòt pati nan kontribisyon yo



Rezime:

Ou dwe konnen kijan pou konte mendèv ou pou peve kontribisyon lwa PFML eazije vo.

## Mendèv total ou gen ladann:

- Anplwaye Massachusetts W-2 (aplentan, a tan pasyèl, oswa sezonye)  
An jeneral, PFML suiv menm kritè kalifikasyon ak pwogram asirans chomaj Massachusetts la. Si w oblige deklare a W-2 bay Depatman Asistans Chomaj (DUA), yo dwe konsidere anplwaye sa a.  
Anplwaye yo pa bezwen abite nan Massachusetts pou yo ka pwoteje.
- Antreprenè Kontraktè 1099-MISC Massachusetts 1099-MISC entrepreneurs  
Anjeneral, yon kontraktè MA 1099-MISC se yon moun ou oblige rapòte peman pou sèvis yo sou Fòm 1099-MISC kontraktè yo se moun ki pwoteje sèlman si yo

reprezante plis pase 50 % mendèv ou epi ki [reponn a kèk kritè kalifikasyon](#):

- Yo dwe bay sèvis kòm yon antite endividyle.
- Yo dwe viv nan Massachusetts.
- Yo dwe bay sèvis nan Massachusetts.

[Pou jwenn plis enfòmasyon sou moun ki pwoteje anba asirans maladi](#), li nesesè pou ou kalkile mendèv ou egzak.

Note Byen: Si ou posede yon biznis epi ou peye tèt ou atravè yon fòm W-2, ou se yon anplwaye nan biznis sa a epi yo pral konsidere ou kòm yon pati nan mendèv PFML ou ki anba pwoteksyon.

## Konte mendèv MA ou a

- Ajoute kantite total anplwaye MA W-2 ou te peye pou chak peryòd peman pandan ane kalandriye anvan an epi divize nimewo sa a pa kantite peryòd peman. Sa a se mwayèn MA W-2 ou.
- Ajoute kantite total MA 1099-MISC ou te peye pou sèvis yo nan chak peryòd peman pandan ane kalandriye anvan an epi divize nimewo sa a pa kantite peryòd peman. Sa a se mwayèn MA 1099-MISC ou.
- Si mwayèn MA 1099-MISC ou pi wo pase mwayèn W-2 ou, lè sa a kontraktè MA 1099-MISC ou yo konsidere kòm moun ki anba pwoteksyon.
- Ajoute kantite total moun ki gen pwoteksyon pandan ane kalandriye anvan an.

>25

Si ou te gen 25 oswa plis moun ki gen pwoteksyon nan mendèv ou pandan ane kalandriye anvan an, ou oblige fè kontribisyon anplwayè pou moun ki anba pwoteksyon yo nan mendèv ou.

<25

Si ou te gen mwens pase 25 moun ki gen pwoteksyon nan mendèv ou nan ane kalandriye anvan an, ou pa oblige peye yon kontribisyon anplwayè. Sepandan, w ap bezwen voye pòsyon anplwaye nan kontribisyon an bay eta sou non yo.

### Rezime:

*Si ou te gen 25 oswa plis moun ki gen pwoteksyon, ou responsab pou fè kontribisyon anplwayè yo.*

*Si ou to gen mwens pase 25 moun ki gen pwoteksyon, ou pa bezwen fè kotizasyon anplwayè yo.*

## Kesyon: *Kòm anplwayè, konbyen pou m peye?*



Kounye a ke ou konnen kiyès ki yon moun ki anba pwoteksyon, ou ka detèmine pou ki [kontribisyon anplwayè ou responsab](#).

Anplwayè yo responsab pou voye kontribisyon pou fanmi ak konje maladi bay Depatman Fanmi ak Konje Maladi (DFML) atravè MassTaxConnect sou non [moun ki gen pwoteksyon yo](#). Pi gwo anplwayè ki te gen 25 oswa plis moun ki gen pwoteksyon yo responsab pou peye yon pati nan kontribisyon obligatwa yo. Anplwayè ki te gen mwens pase 25 moun ki gen pwoteksyon yo pa oblige peye kontribisyon anplwayè an men yo dwe toujou voye peman an non moun ki anba pwoteksyon yo.

Tablo ki nan paj sa yo ofri yon dekonpozisyon jeneral nan to kontribisyon sa yo pandan [kalkilatris kontribisyon](#) nou an pèmèt ou pi byen estime ki jan sa pral gade pou ou menm ak mendèv Massachusetts ou.


Kantite maksimòm salè ki sijè a to kontribisyon sa yo [chanje chak ane](#) pou chak moun ki gen pwoteksyon.

Anplwayè yo ka chwazi kantite kontribisyon PFML yo kenbe nan men moun ki gen pwoteksyon yo, depi yo pa depase pouvantaj maksimòm ki endike nan paj sa yo. Pa egzanp, anplwayè an ka chwazi kantite kontribisyon PFML li kenbe nan men moun ki gen pwoteksyon yo:


- Yon anplwayè ki gen anplwaye yo kouvri pa plizyè akò kolektif ka chanje kantite lajan li kenbe nan men anplwaye yo nan chak nan inite negosyasyon sa yo.
- Yon anplwayè ka retire diferan montan sou anplwaye a tan plen ak a tan pasyèl.

Konsilte konseye legal ou sou fason pou aplike diferan pouvantaj nan òganizasyon w lan.

Amplwayè ak 25+ endividé ki kouvrí



Anplwayè ki gen 25 moun oswa plis ki kouvrí yo pral bezwen voye yon kontribisyón bay DFML atravè MassTaxConnect, ki egal a 0.88% salè elijib. Kontribisyón sa a ka divize ant dediksyón salè moun ki gen pwoteksyon yo ak kontribisyón anplwayè a.



### Konje fanmi

Anplwayè yo ka kenbe jiska 100% nan kontribisyón Konje pou fanmi yo nan sale yon moun ki gen pwoteksyon (0.18% nan sale elijib).



### Konje maladi

Anplwayè yo ka kenbe jiska 40% nan kontribisyón konje malady yo nan sale yon moun ki gen pwoteksyon (0.28% nan sale elijib). Anplwayè yo responsab pou kontribye rès 60% an (0.42% sale elijib).

Anplwayè ak mwens  
ke 25 moun ki gen  
pwoteksyon

### Kontribusyon Reyèl

0.46% nan  
salè elijib

#### Medical leave contribution

0.28% nan  
salè elijib

#### Kotizazyon Konje Fanmi

0.18% nan  
salè elijib

Anplwayè ak  
Mwens pase 25 moun ki gen  
pwoteksyon  
Pa bezwen peye  
kotizasyon konje maladi  
pou anplwayè yo.

Kotizazyon moun  
ki kovri

100% konje maladi  
(kotizasyon maksimòm)

Kotizazyon Anplwayè

0% of family leave  
(minimum share)

Kotizazyon moun ki  
gen pwoteksyon

100% konje maladi  
(kotizasyon maksimòm)

**Ti antrepriz responsab pou soumet mòso lajan yo pran nan sale moun ki gen pwoteksyon yo men yo pa oblige kontribye yomenm. Sepandan, yo ka chwazi pou peye pou kèk oswa tout kotizasyon moun ki gen pwoteksyon yo.**



#### Konje fanmi

Anplwayè yo ka kenbe jiska 100% nan kontribusyon Konje pou Fanmi yo nan salè yon moun ki gen pwoteksyon (0.28% nan salè elijib).



#### Konje maladi

Anplwayè yo ka kenbe jiska 1000% nan kontribusyon Konje Maladi yo nan salè yon moun ki gen pwoteksyon (0.28% nan salè elijib).

[Kalkilatris PFML](#) nou an ka ede w estimate ki kantite lajan ou dwe kontribye.



#### Rezime:

Yon fwa out e detèmine kontribusyon ki nesesè pou oumenm ak anplwaye w yo, ou dwe enfòme yo sou enpak sa pral genyen sou yo (ak sale yo).



Kesyon:

*Kisa pou m di travayè mwen yo sou PFML?*

*Ou gen obligasyon legal pou enfòme travayè w yo sou PFML. Men sa oud we fè.*

1. Kwoke yon afich PFML. Tout anplwayè Massachusetts, enkli anplwayè ki gen yon plan prive apwouve, dwe montre yon [afich nan espas travay](#) la ki eksplike avantaj ak dwa ki disponib pou mendèv ou anba lwa PFML. Ou dwe poste afich sa a nan espas travay ou nan yon kote ki ka li fasil. Nou sijere pou w mete afich la ak lòt afich obligatwa nan espas travay, tankou lwa sou salè ak èdtan, diskriminasyon nan espas travay, konpansasyon travayè, ak sekirite nan espas travay. Afich la dwe disponib nan lang angle ak nan chak lang prensipal 5 moun oswa plis nan mendèv ou. [Tcheke si tradiksyon sa yo disponib nan DFML](#).
2. Avize travayè W-2 ak 1099-MISC ou yo (si w kalifye). Tout anplwayè Massachusetts, enkli anplwayè ki gen yon plan prive apwouve, dwe notifye mendèv MA yo alekri sou benefis PFML ki disponib. Ou dwe bay chak nouvo anplwaye avi sa a nan 30 jou oplita apre premye jou travay yo. Avi a dwe ekri nan lang prensipal chak anplwaye. Ou dwe resevwa yon deklarasyon alekri nan men chak anplwaye swa rekonèt oswa refize rekonèt avi a. Tanpri kenbe fòm sa yo. Pa voye fòm sa yo bay DFML. Ou ka [telechaje yon modèl avi DFML](#) bay oswa kreye pwòp ou a.

Si w chwazi kreye pwòp avi w, li dwe genyen:

- Yon eksplikasyon sou disponiblite benefis Konje pou fanmi ak konje maladi
- Kantite kontribisyon ak obligasyon moun ki gen pwoteksyon a
- Kantite kontribisyon anplwayè a ak obligasyon yo
- Non ak adrès postal anplwayè a
- Nimewo idantifikasiyon anplwayè (EIN) ke DFML bay li a
- Enstriksyon sou fason pou w ranpli yon aplikasyon pou benefis konje familyal ak maladi
- Adrès postal, adrès imèl, ak nimewo telefòn DFML

Si mwens passe 50% nan mendèv ou gen ladann Kontraktè MA 1099-MISC, ou pa oblige enfòme yo sou benefis PFML, menmsi sa ankouraje pou kontraktè sa yo konnen yo ka [patisipe nan pwogram nan](#)

Remak: Tanpri itilize Nimewo Idantifikasiyon Anplwayè Federal (EIN) ou kòm Nimewo Idantifikasiyon Anplwayè ou sou fòm "Avi Anplwayè pou Anplwaye" ak "Avi Anplwayè pou Travayè Endepandan".

Rezime:

*Antanke Anplwayè, ou oblige selon lalwa, pou enfòme tout salarye ki elijib pou benefis, egzijans, ak kotizasyon PFML yo. W ap oblige asire w ke tout enfòmasyon yo kominike konfòmeman ak lalwa.*





## Kesyon: *Kijan pou m peye kotizasyon pa m yo?*

*Chak twa mwa, w ap bezwen konekte nan MassTaxConnect pou w ranpli yon deklarasyon chak trimès epi soumèt kontribisyon moun ki gen pwoteksyon pou twa mwa anvan yo.*

Men enfòmasyon w ap bezwen:

- Enfòmasyon sou chak anplwaye 1099-MISC oswa kontraktè ki enkli nan deklarasyon an
- Nimewo sekirite sosyal oswa ITIN chak anplwaye oswa kontraktè 1099-MISC
- Non ak siyati chak anplwaye oswa kontraktè 1099-MISC
- Salè chak anplwaye oswa kontraktè 1099-MISC

Konekte sou [MassTaxConnect](#), apresa:

1. Klike sou kont Konje Peye pou Fanmi ak Konje maladi. Jwenn pano Konje Maladi Peye w la sou paj rezime w la.
2. Klike sou lyen File Return ki akote peryòd ou ta renmen ranpli a. Klike sou **View Returns** (Gade Deklarasyon) ki pral mennen ou nan yon lis tout peryòd ki sot pase ak prezan ak estati a nan chak peryòd. Chwazi **File Now** (Soumèt kounye a) akote peryòd ou ta renmen ranpli a.
3. Mete yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa ITIN, non, ak siyati pou chak anplwaye epi endike si genyen kontraktè 1099-MISC. Chwazi Enskri si anplwaye a pa yon kontraktè 1099-MISC ki gen pwoteksyon epi li chwazi patisipe nan pwogram nan. Antre salè ane jiska dat pou chak anplwaye, epi answit antre salè yo pou trimès aktyèl la. Antre pouvantaj kontribisyon medikal la dedwi nan anplwaye epi antre pouvantaj kontribisyon fanmi an dedui nan men anplwaye a.
4. Mete **Salè PFML Elijib YTD** epi answit **Salè Trimès sa** a, sistèm nan ap kalkile kontribisyon yo dwe otomatikman. Repete enfòmasyon sa yo pou chak anplwaye. Si anplwayè an ta renmen asime volontèman tout oswa yon pati nan kontribisyon anplwaye yo mande yo, ou kapab ajiste pouvantaj yo lè w klike sou **Mete tout % Maladi** epi redwi 40 poustan defo a oswa **Mete tout % Fanmi** epi redwi 100 % defo a. Etap sa a se konplètman opsyonèl. Yonfwa ou fini, klike sou Next (Pwochen).
5. Verifye ke tout enfòmasyon ou antre yo kòrèk, epi klike sou **Next**.
6. Chwazi fason ou ta renmen peye. Pou etap sa yo, nou pral chwazi fè yon peman elektwonik nan kont chèk ou oswa kont epay ou.
7. Chwazi kalite kont anbank ou a, mete nimewo wout bank ou a, nimewo kont, epi konfime nimewo kont ou a. Chwazi si wi ou non oswa si ou ta renmen sovgade enfòmasyon peman sa a pou itilizasyon alavni epi konfime kantite lajan peman ou a. Klike sou **Next**.
8. Yon fwa ou fin verifye ke enfòmasyon sou retounen ak peman ou ak montan yo kòrèk, klike sou **Submit (Soumèt)**



Rezime:

*Chak trimès, ou dwe konekte nan MassTaxConnect epi soumèt kotizasyon trimestriyèl ou yo.*



Prepare pou  
anplwaye pran  
konje

**Seksyon 2**



## Kesyon:

*Kijan pou pale de  
PFML ak anplwaye  
mwen yo?*

*Li enpòtan pou w konprann wòl ou ak responsabilite w nan pwosesis aplikasyon PFML la pou ede l mache byen. Youn nan premye bagay ou ta dwe fè se komuniké ouvètman ak anplwaye ou yo sou pwogram nan*

DFML ankouraje anplwayè yo ak anplwaye yo pou yo gen yon dyalòg ouvè sou PFML nan kad konvèrsasyon aktyèl sou benefis yo.

- Etabli yon dyalòg ouvè bonè pral ede w pi byen planifye pou anplwaye k ap pran konje.
- Bay anplwaye yo enfòmasyon sou tout opsyon benefis ki disponib yo pèmèt yo fè pi bon chwa lè pwoblèm sante yo parèt.

Anplwaye yo oblige pale ak anplwayè yo ak/oswa administratè konje yo anvan yo pran konje:

- Avi 30 jou anvan konje a pou yon evènman planifye, tankou yon operasyon ochwa oswa nesans oswa plasman yon timoun.
- Osito ke posib pou yon evènman lavi inatandi oswa ki pa planifye.



*Rezime:*

*Anplwayè yo ak anplwaye yo ta dwe pale aklè sou PFML pou ede pwosesis la mache byen.*



## Kesyon: Kijan pou m enskri yon administratè konje?



Yon anplwayè dwe genyen yon administratè konje ki anrejistre ak DFML. Yon administratè konje se moun ki responsab pou revize ak trete aplikasyon anplwaye yo nan non yon òganizasyon.

Lè w kreye yon kont anplwayè, yo pral mande w pou w antre yon adrès imel ak yon modpas. Sèvi ak adrès imel travay ou; tanpri pa sèvi ak yon adrès imel pèsonèl.

[Klike la](#) a pou kòmanse.

Yon fwa ou bay yon adrès imel ak modpas ou pral resevwa yon imèl ki gen yon kòd 6 chif ke w ap

### Jwenn done ki nesesè (etap pou administrate taks la):

Si ou pa administratè taks ki anrejistre pou jere kont [MassTaxConnect](#) anplwayè an, idantifye tèt ou epi bay enstriksyon sa yo pou jwenn done ki nesesè pou verifye aksè nan òganizasyon w kòm administratè taks la.

1. [Konekte sou MassTaxConnect](#) pou w ka jwenn enfòmasyon taks pou dènye peryòd anplwayè an te fè yon deklarasyon.
2. Nan paj **rezime** a, desann nan seksyon **Konje pou fanmi ak Konje maladi Peye** ki sou bò gòch la. Nan seksyon **Kont**, chwazi **Returns**.
3. Pran nòt kantite lajan administratè konje a pral itilize pou verifye aksè:
  - a. Si anplwayè an te voye kontribisyón, note kantite lajan an pou dènye peryòd yo te resevwa yon deklarasyon.
  - b. Si anplwayè an poko voye kontribisyón oswa si deklarasyon an toujou ap trete, jwenn aksè nan deklarasyon an. Klike sou **View or modify return (Gade oswa modife deklarasyon)**. Lè sa a, chwazi **Next** nan pati anba a nan paj la. Ale nan liy 6 epi jwenn **Total Contribution Due (Total Kontribisyón ki Dwe)**.

Si ou gen yon **balans kontribisyón \$0 ak DOR**, ou ka korije kont ou lè w [swiv enstriksyon sa yo](#).

itilize pou konfime novo kont ou a. Y ap mande w pou w antre kòd sa a lè w konekte nan [payleave.mass.gov](#) pou premye fwa.

Apre yon konfirmasyon tout bagay pase byen ak siksè, ou ka konekte nan kont anplwayè w la avèk imel la ak modpas ou te bay la. Yon fwa w konekte, ou ka konfime aksè nan òganizasyon w lan. Si yon lòt administratè konje te deja ajoute w, w ap kapab wè òganizasyon sa a ki nan lis nan paj Òganizasyon yo. Si òganizasyon w pa nan lis la, li pral bezwen ajoute li nan kont ou.

### Verifye aksè òganizasyon w (etap pou administrate konje a) :

1. [Konekte nan kont anplwayè ou la](#)
2. Ale nan paj [Organizations](#) (Òganizasyon).
3. Klike sou bouton “Ajoute Òganizasyon” epi make EIN la.
  - Si w te mete EIN deja, òganizasyon an kapab déjà sou lis nan paj [Organizations](#) la ak “**Verifikasyon obligatwa**” bokote li. Si wi, klike non òganizasyon pito.
4. Enter kantite lajan yo note nan etap ki anwo yo pou administratè taks la nan jaden **Kontribisyón pou Konje Peye**.

Apre w fin konplete verifikasiyon avèk siksè, w ap kapab resevwa notifikasiyon ak revize aplikasyon yo.

Si w pa anrejistre yon administratè konje nan DFML, w ap abandone wòl ou nan bay enfòmasyon ak rekòmande apwobasyon oswa refi aplikasyon yo.



Rezime:

*Enskri yon administratè konje nan DFML – Moun sa a jere PFML pou òganizasyon w lan epi li revize aplikasyon anplwaye yo.*



Kesyon:  
*Ki tip dokiman  
mwen gen  
responsabilite  
soumet?*



*Enfòmasyon  
Medikal*



*Sètifikasyon  
Medikal*



*Resètifikasyon*



*Istorik medikal  
anplwaye yo*

*Rezime:*

Veye pou dokiman anplwaye rete konfidansyèl epi ke yo sere yo pou dosye pa w sèlman.





Kesyon:  
*Ki wòl mwen nan  
pwosesis ak etap  
aplikasyon an?*

### Anvan yon anplwaye aplike

Anplwaye a dwe enfòme anplwayè an ak administratè konje a sou entansyon li pou pran konje anvan li kòmanse pwosedí aplikasyon an.

- 1 → DFML resevwa fòm aplikasyon an okonplè de anplwaye a.
- 2 → Anplwayè a dwe revise epi konfime enfòmasyon anplwaye a (oswa bay plis enfòmasyon ki fè yo pa ta dwe apwouve demann anplwaye a). Anplwayè a gen 10 jou travay pou reponn DFML.
- 3 → DFML revise dokiman anplwaye a, apwouve oswa refize demann lan, epi etabli peman si demann lan apwouve.
- 4 → Si demann lan apwouve, anplwaye a ale nan konje epi peman a fêt.



#### Rezime:

*Yon anplwaye dwe fè w konnen anvan ou kòmanse pwosesis aplikasyon an. Yon fwa yo soumèt aplikasyon an, administratè konje a gen 10 jou pou l revize epi reponn DFML*



Kesyon:  
*Kijan pou m revize  
demann anplwaye yo?*

Antanke yon anplwayè, w ap jwe yon wòl enpòtan nan kenbe entegrite pwogram PFML la lè w revize epi bay enfòmasyon enpòtan sou demann konje peye anplwaye w yo.

W ap resevwa yon imèl ki fè w konnen yon anplwaye òganizasyon w reprezante a te kòmanse yon pwosesis aplikasyon pou PFML. Yon fwa anplwaye a fin ranpli demann li a, w ap resevwa yon dezyèm imèl pou revize demann lan.

Revize detay aplikasyon yo epi reponn nan 10 jou travay.

Si nou pa tandem pale de oumenm oswa yon lòt administratè konje verifye nan òganizasyon w lan nan peryòd tan sa a, n ap kontinye demann lan itilize sèlman enfòmasyon anplwaye a bay.



Rezime:

DFML pral kominike enfòmasyon enpòtan ak mizajou sou aplikasyon anplwaye yo atravè imèl.

## Konfime enfòmasyon ki nan aplikasyon an kòrèk epi bay plis enfòmasyon.

Men yon lis enfòmasyon yo ka mande w konfime oswa bay, epitou poukisa nou mande enfòmasyon sila yo.

### Èske anplwaye a te pran nenpòt konje peye oswa san peye pandan dènye ane benefis la?

- Pifò anplwaye Massachusetts yo gen dwa pou Konje pou fanmi ak konje maladi pou jiska 26 semèn pou chak ane benefis. Konje konbine sa a ka gen ladan l:
  - Jiska 20 semèn konje maladi peye pou chak ane benefis pou jere yon pwoblèm sante pèsonèl grav
  - Jiska 12 semèn Konje pou fanmi peye pou chak ane benefis pou pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav oswa pou pran swen yon timoun
  - Jiska 26 semèn Konje pou fanmi peye pou chak ane benefis pou pran swen yon manm fanmi ki se yon manm fòs lame
  - PFML se yon pwogram Massachusetts ofri. Li amplis de pwogram federal tankou Lwa sou Konje pou Fanmi ak Konje Maladi (FMLA) ak nenpòt pwogram konje endepandan anplwayè w ofri.
- Nou mande anplwaye a si li te pran lòt kalite konje pandan ane benefis anvan an pou konfime ke li pa t itilize plis tan pase sa yo gen dwa a.

### Kisa ki revni anplwaye a?

Salè yon anplwaye jwe yon wòl enpòtan nan deside si pou mande konje peye.

- Pou kalifye pou peye pou fanmi oswa konje maladi, anplwaye a dwe te touche omwen \$6,300 (an 2024) oswa \$6,300 (an 2025) ak omwen 30 fwa kantite lajan kalkile benefis konje peye pa semèn li sou kat dènye trimès yo.
- Si yon anplwaye gen plis pase yon travay, yo pral konsidere revni konbine li sou kat dènye trimès yo lè w ap kalkile kalifikasyon revni li.
- Ansyen anplwaye yo ka resevwa konje pou fanmioswa maladi pou jiska 26 semèn apre yo fin kite konpayi an.

### Kisa ki kalandriye konje anplwaye a?

Malgre ke pifò konje peye yo pran tout an menm tan, anplwaye yo ka mande tou konje peye sou yon orè redwi oswa tanzantan.

Anba la a se yon dekonpozisyon orè kongrè ak patisipasyon anplwayè yo nan chak:

- Konje kontinyèl (aplentan) - Ou dwe verifye enfòmasyon anplwaye a epi sonje nenpòt lòt konje ki pran pandan ane benefis la.
- Konje redui (a tan pasyèl) - Ou dwe verifye enfòmasyon anplwaye a epi sonje nenpòt lòt konje ki pran pandan ane benefis la. Konje pou responsabilite familyal yo ka pran sèlman kòm yon pati nan konje redui (a tan pasyèl) si ou menm, anplwayè an, te dakò pou sa.
- Konje tanzantan - Ou ta dwe verifye enfòmasyon anplwaye a epi sonje nenpòt lòt konje yo pran pandan ane benefis la. Konje pou responsabilite fanmi yo ka pran sèlman sou yon orè konje tanzantan si ou menm, anplwayè an, te dakò pou li.

### Èske sa sanble yon aplikasyon reyèl?

- Y ap mande w si nenpòt nan enfòmasyon yo bay yo parèt kòm fwod. DFML pran akizasyon fwod oserye.
- Nenpòt demann ke Administratè Konje a te endike ke ka gen fwod pral make pou plis revize.

### Èske w ap fè rekòmandasyon pou yo apwouve oswa refize demann lan?

- Apre w fin revize enfòmasyon anplwaye a bay nan demann li a, y ap mande w si w rekòmande pou nou apwouve oswa refize demann yo dapre lalwa ak règleman konpayi ou ki egziste deja.
- Kesyon sa a p ap pèmèt ou apwouve oswa rejte aplikasyon yo - DFML pral finalman deside sa - men yo pral pran rekòmandasyon ou an an konsiderasyon lè DFML la pran desizyon l.
- Si anplwaye a gen dwa legalman pou pran konje pou fanmi oswa konje maladi epi tout aspè nan demann anplwaye a se vre e kòrèk, demann lan pral apwouve, menm si li pa konvenyan pou anplwayè an.

Rezime:

Se responsabilite w pou w byen egzamine aplikasyon anplwaye yo, konfime ak bay plis enfòmasyon, epi bay DFML yon repons.





## Kesyon: *Kisa k pase apre m fin revize aplikasyon an?*

### Pran yon desizyon

Lè yo pran yon desizyon sou yon aplikasyon espesifik ou te revize, w ap resevwa yon imèl ak yon lyen ki mennen nan yon dosye PDF ki gen avi desizyon DFML la.

Si yon anplwaye fè apèl kont yon desizyon

Anplwaye yo ka fè apèl kont nenpòt aspè nan detèminasyon Konje pou fanmi oswa malady a, ki gen ladann:

- Refi benefis
- Modifikasyon konje yo
- Montan benefis pa semen yo
- Dire konje yo a

### PTO

Anplwaye k ap resevwa avantaj PFML yo ka konplete (oswa "complete") benefis PFML yo ak nenpòt konje peye ki disponib (tan malad, vakans, PTO, tan pèsònèl, elatriye). Pou anplwaye ki chwazi pou konplete avantaj PFML yo nan fason sa a, sòm total benefis PFML ak konje peye anplwayè a bay chak semèn pa ka depase mwayèn salè chak semèn endividyèl anplwaye a (SMI).

Se pral responsablitè anplwayè yo pou kontwole epi asire ke sòm total benefis konje peye anplwayè a ak benefis PFML yo bay chak semèn pa depase dire peryòd inaktivite anplwaye a (IAWW).

### Rezime:

Anplwaye yo ka fè apèl kont nenpòt aspè nan yon desizyon. Asire w ke w kominike ouvètman ak anplwaye w yo pandan dènye etap sa yo pou w tou de konnen kisa w ap atann.



Kesyon:

*Kisa mwen ka atann  
pou m jwenn nan  
sitwèb la?*

- Dashbòd la pèmèt anplwayè an konekte epi gade aplikasyon pou anplwaye yo nan yon sèl kote
- Amelyore seksyon "Demann Enfòmasyon", ki gen ladan kapasite pou wè pi fasil ki anplwaye ki deklare plis konje ak ranplasman salè
- Gade ak jere aplikasyon pou plizyè EIN

Rezime:

DFML ap travay di pou amelyore pwosesis aplikasyon PFML la – ou ka atann amelyorasyon nan lavni ki pral rann li pi fasil pou w jere konje peye anplwaye yo.





**DFML**  
**MA** Department of  
Family and Medical Leave



Paid Family &  
Medical Leave  
MASSACHUSETTS

Telefòn  
Depatman Konje Fami ak Konje Maladi  
Sant Kontak DFML  
**833-344-PFML (7365)**

Entènèt  
[mass.gov/dfml](http://mass.gov/dfml)